



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON FINANSMAN SIBVANSYON ETA 45 MILYON DOLA POU AMELYORE KOMINIKASYON NAN KA IJANS NAN TOUT ETA A**

***Finansman eta a pral amelyore entèvansyon dijans la gras a amelyorasyon rezo kominikasyon yo***

***Li vin apre sibvansyon eta 10 milyon dola yo te bay pou soutni deplwaman sèvis dijans yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo bay 45 milyon dola finansman sibvansyon eta pou 57 konte ak Vil New York pou kominikasyon nan ka ijans. Finansman sa a pèmèt gouvènman lokal yo agrandi kapasite entèvansyon dijans yo pou amelyore operasyon sekirite piblik yo. Pwogram Sibvansyon Kominikasyon Entèwoperab nan Tout Eta a (Statewide Interoperable Communications Grant) pou ane 2018 la ap soutni nèf Konsòsyòm Rejyonal sou Kominikasyon (Regional Communications Consortiums) ki konsantre sou amelyore kominikasyon esansyèl pou ka ijans toupatou nan eta a, epitou kowòdonasyon ant konte yo, eta a ak òganis federal yo.

“Nan yon ka ijans, chak segonn konte epi li ekstrèmeman enpòtan pou premye entèvenan yo gen zouti ak resous ki nesèsè yo pou resevwa enfòmasyon rapidman pou ede Nouyòkè yo nan tan bezwen yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa a pral ede nou kreye yon New York pi solid, pi an sekirite pou tout moun.”

“Kominikasyon pou ka ijans yo esansyèl pou garanti sekirite ak byennèt Nouyòkè yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Anplis sibvansyon eta a bay yo pou operasyon deplwaman nan konte yo, finansman sa a pral pote plis amelyorasyon toujou nan entèvansyon dijans gras a amelyorasyon rezo kominikasyon yo nan konte toupatou nan eta a. N ap garanti minisipalite yo gen teknoloji yo bezwen an pou amelyore sistèm dijans yo epi fonksyone yon fason ki efikas.”

**Sibvansyon Kominikasyon Entèwoperab Eta a**

Sibvansyon Kominikasyon Entèwoperab Eta a, ki sou administrasyon Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a, bay plis pase 450 milyon dola an sèt faz nan 57 konte ak nan Vil New York depi 2010. [Sibvansyon Kominikasyon Entèwoperab nan Tout Eta a](#) baze sou yon

fòmil e jwenn lajan nan men revni sipleman selilè. Pwogram nan pèmèt konte yo fè amelyorasyon vital nan fason premye sekouris yo ka kominike antre yo e avèk diferan reyon nan eta a, gras a sistèm radyo mobil ki sou teren yo.

Chak konte nan Vil New York ka soumèt yon aplikasyon pou finanse pwojè ki enplike modènizasyon enfrastrikti, ekipman ak teknoloji. Konte ki kalifye yo ka itilize finansman sa a pou divès fonksyon, tankou paregzanp devlopman kouvèti radyo lè yo enstale nouvo ekipman nan tou ak sit antèn yo, lè yo mete Nouvèl Jenerasyon teknoloji ak nòm 911 anplas, etabli chèn kominikasyon ant sistèm radyo sekirite piblik yo, konsolide sant danvwa sèvis ijans yo, soutni operasyon sant danvwa sèvis ijans piblik yo, epi deplwaye nouvèl teknoloji k ap ede konte yo relye sistèm yo ansanm. Anplis, finansman sa ap kore fòmasyon ak pratik pou fè pwomosyon kominikasyon ak kooperasyon entè-rejyonal ki efikas, ak preparasyon sekouris global yo.

Prim sibvansyon Kominikasyon Entèwoperab Eta ane fiskal 2018 lan yo anba la:

<b>Konte</b>	<b>Kantite Lajan ki te Akòde</b>
Albany	\$1,276,449
Allegany	\$889,690
Broome	\$678,019
Cattaraugus	\$674,160
Cayuga	\$806,629
Chautauqua	\$639,301
Chemung	\$541,201
Chenango	\$534,819
Clinton	\$646,188
Columbia	\$476,985
Cortland	\$964,140
Delaware	\$497,400
Dutchess	\$616,793
Erie	\$1,106,090
Essex	\$782,665
Franklin	\$681,121
Fulton	\$471,118
Genesee	\$664,778
Greene	\$438,850
Hamilton	\$544,803
Herkimer	\$595,532
Jefferson	\$612,697
Lewis	\$682,650
Livingston	\$667,855
Madison	\$763,731
Monroe	\$1,683,479
Montgomery	\$423,415

<b>Konte</b>	<b>Kantite Lajan ki te Akòde</b>
Niagara	\$669,712
Oneida	\$857,631
Onondaga	\$1,274,666
Ontario	\$621,204
Orange	\$802,256
Orleans	\$403,172
Oswego	\$844,821
Otsego	\$796,814
Putnam	\$460,753
Rensselaer	\$746,423
Rockland	\$825,122
Saratoga	\$812,919
Schenectady	\$669,427
Schoharie	\$455,260
Schuyler	\$382,595
Seneca	\$411,692
St. Lawrence	\$811,132
Steuben	\$776,687
Suffolk	\$1,007,048
Sullivan	\$685,016
Tioga	\$450,221
Tompkins	\$680,422
Ulster	\$575,721
Warren	\$522,261
Washington	\$771,550
Wayne	\$488,881
Westchester	\$569,661

Nassau	\$1,009,797	Wyoming	\$456,166
New York City	\$5,448,636	Yates	\$351,776

Gouvènè Cuomo [te anonse](#) dènyèman yo bay 10 milyon dola sibvansyon pou lokalite toupatou nan eta a pou soutni operasyon entèvansyon dijans yo. Fon sibvansyon 2018-2019 yo pou Sant Telefonik Sekirite Piblik yo (Public Safety Answering) pral pèmèt minisipalite yo nan 57 konte ak Vil New York fè amelyorasyon nan operasyon deplwaman entèvansyon ak sèvis ijans 911 yo. Sibvansyon PSAP anyèl la pèmèt eta a ranbouse konte yo pou depans pou pran apèl sekirite piblik ak depans pou deplwaman ki kalifye yo.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo Eta New York lan, Roger L. Parrino, Sr., te deklare,** “Sibvansyon anyèl sa a non sèlman ofri soutyen finansye pou kominote sekirite piblik la, men li gen ladan tou rekòmandasyon pou adopsyon nouvo teknoloji ak pi bon pratik yo pou amelyorasyon entèvansyon dijans”.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#), swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa ale sou [dhses.ny.gov](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)